



Réseau National de Défense des Droits Humains

MIAMI LAW  
UNIVERSITY OF MIAMI SCHOOL OF LAW

**Alternative Chance**  
**Chans Alternativ**

**The Bridge** Clinics

POU ONORAB MANM KOMISYON ENTÈ-AMERIKEN SOU DWA MOUN  
ÒGANIZASYON ETA AMERIKEN

---

**DEMANN POU MEZI PREKOSYON POU MOUN y ap KENBE  
ENJISTEMAN KI GEN RIS POU YO PRAN KOLERA NAN PRIZON  
SIVIL PÒTOPRENS (PENITANSYE NASYONAL), AYITI**

---

Defansè ak avoka ap soumèt demann sa a konfòmman ak Atik 25 nan Règleman Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun:

*Òganizasyon k ap kosiye yo -*

**Global Health Justice Partnership of the Yale Law School ak Yale School of Public Health**

**Bureau des Droits Humains en Haïti**

**Réseau National de Défense des Droits de l'Homme**

**Institute for Justice & Democracy in Haiti**

**Alternative Chance/Chans Alternativ**

**Haitian Bridge Alliance**

**Miami Law Clinics**

*Moun k ap kosiye yo -*

**Alice M. Miller**

Kodirektris, Yale Global Health Justice Partnership

**James Cavallaro**

Fondatè ak Direktè Egzektif, University Network for Human Rights

**Pauline Lecarpentier**

Kofondatris ak Sekretè Jeneral, Bureau des Droits Humains en Haïti

**Jacques Letang**

Kofondatè ak Prezidan, Bureau des Droits Humains en Haïti

**Rosy Auguste Ducena**

Direktris Pwogram, Réseau National de Défense des Droits de l'Homme

**Pierre Esperance**

Direktè Egzekitif, Réseau National de Défense des Droits de l'Homme

**Brian Concannon**

Direktè Egzekitif, Institute for Justice & Democracy in Haiti

**Kristina Fried**

Bousye Bertha Justice, Institute for Justice & Democracy in Haiti

**Guerline Jozef**

Fondatris ak Direktris Egzekitif, Haitian Bridge Alliance

**Nicole Phillips**

Direktris Jiridik, Haitian Bridge Alliance

**Erik Crew**

Avoka, Haitian Bridge Alliance

**Michelle Karshan**

Fondatris ak Direktris Egzekitif, Alternative Chance/Chans Alternatif

**Denisse Córdova Montes**

Direktris Asosye Entèrimè, Human Rights Clinic, University of Miami School of Law

**Sarah Paoletti**

Fondatris ak Direktris, Transnational Legal Clinic, University of Pennsylvania Carey Law School

*Defansè ak chèchè etidyan:*

**Marie-Fatima Hyacinthe** (Etidyan an doktora, Yale School of Public Health)

**Laïssa Christelle Alexis** (Etidya nan dwa, Columbia Law School)

**Megan Kelly** (Etidyan metriz nan administrasyon piblik, Columbia School of International Public Affairs)

**Jack Parham** (Etidyan metriz nan politik piblik, Yale Jackson School of Global Affairs)

02 mas 2023

## **KONTNI**

<b>1. REZIME</b>	<b>5</b>
<b>2. BENEFISYÈ YO</b>	<b>7</b>
<b>III. DEKLARASYON FÈ YO</b>	<b>8</b>
Istwa itilizasyon abizif detansyon/detansyon prevantif ak kondisyon inimen nan prizon an Ayiti	8
Epidemi kolera ki pete an Ayiti dènyeman	10
Kolera parèt an Ayiti: wòl enstans entènasyonal ak nasyonal yo te jwe	14
Fòk mezi yo konsidere nan menm tan detansyon prevantif ilegal ak kondisyon ki fè l pi fasil pou maladi blayi	15
Konsiderasyon etik ki gen pou wè ak benefisyè yo nan kontèks liberasyon prizonye pandan yon epidemi maladi kontajye	16
<b>IV. JURIDIKSYON KOMISYON AN</b>	<b>17</b>
Reyalizasyon kritè Atik 25 yo	17
Jirispridans pètinan nan Sistèm Dwa Moun Entè-Ameriken	17
<b>V. DEMANN POU MEZI PREKOSYON</b>	<b>20</b>

## 1. REZIME

1. Global Health Justice Partnership ('GHJP'), Bureau des Droits Humains en Haïti ('BDHH'), Réseau National de Défense des Droits de l'Homme ('RNDDH'), Institute for Justice & Democracy in Haiti ('IJDH'), Alternative Chance/Chans Alternativ, Haitian Bridge Alliance ('HBA'), ak Miami Law Human Rights Clinic, ansanm avèk lòt defansè ak avoka kosiyen ki pi wo yo, depoze avèk respè demann sa a pou mezi prekasyon konfòmeman ak Règleman Komisyon Entè-Ameriken pou Dwa Moun ("Komisyon" an oswa "CIDH"), pou chèche pwoteksyon imedyata pou kominote Prizon Sivil Pòtoprens ("Penitansye Nasyonal") ki gen ladan l moun ki nan detansyon prevantif (moun yo kenbe ki poko pase devan yon jij), lòt prizonye, epi moun k ap travay anndan oswa k ap vizite prizon an (sa vle di, moun ki gen gwo ris pou yo pran kolera akòz kondisyon nan prizon n ap eksplike anba).
2. Jan Komisyon an te rezime a, "Mezi prekasyon [se] yon mekanis pwoteksyon Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun genyen [...] kote li mande pou yon Eta pwoteje youn oswa plizyè moun ki nan yon sityasyon grav ak ijan pou yon mal san rechap pa rive yo."<sup>1</sup> Pandan yon epidemi kolera renouvle (ki soti nan menm ras kolera ki te anvayi Ayiti nan lane 2010)<sup>2</sup> ap vale teren nan peyi a, gen plizyè faktè ki makonnen ki reprezante yon menas ki ijan ak irevokab pou pifò prizonye nan Penitansye Nasyonal la soufri yon maladi grav oswa pou yo mouri. Faktè k ap mare sosis sa yo se: gen twòp moun nan prizon an (ankonbreman), gen anpil moun y ap kenbe nan prizon an enjisteman san yo poko pase devan yon jij (detansyon prevantif), move kondisyon nan prizon an, ak yon maladi ki kapab mòtèl k ap vale teren. Menm si n ap mete aksan sou Penitansye Nasyonal la nan demann sa a, lòt prizon yo chita nan menm kalfou danjere sa a, kote detansyon prevantif abizif ak ris kolera makonnen.
3. Anplis de sa, sistèm sante piblik nan prizon yo epi nan tout peyi a vin fèb akòz plizyè lane souzenvestisman onivo nasyonal ak entènasyonal. Menm jan, gouvènman defakto Ayiti a ap manje otorite sistèm jidisyè a pi plis, yon sistèm ansyen gouvènman Pati Ayisyen Tèt Kale (PHTK) yo te gentan destabilize. Tout faktè estriktirèl sa yo mare sosis yo pou kite kolera blayi anndan prizon yo epi nan tout peyi a.
4. Gran majorite moun ki prizonye nan Penitansye Nasyonal la nan detansyon prevantif, ki vle di y ap kenbe yo san yo poko pase devan yon jij. Se 84% prizonye nan tout sistèm prizon Ayiti a ki nan detansyon prevantif sa a.<sup>3</sup> Vi anpil nan moun sa yo an danje pandan yo nan prizon; sa se yon vyolasyon dirèk nòm entè-ameriken sou moun yo prive de libète yo. Sa fè ka sa a yon vyolasyon espesyalman terib ak agrave sou

---

<sup>1</sup> Org. of Am. States, About Precautionary Measures.

<https://www.oas.org/en/IACHR/jsForm/?File=/en/iachr/decisions/mc/about-precautionary.asp>. Gade Org. of Am. States, Rules of Procedure of the Inter-American Commission on Human Rights, Tit. II, Ch. II, Art. 25(1), 147th Reg. Period Sess. (mas 2013), <http://www.oas.org/en/iachr/mandate/Basics/rulesiachr.asp>.

<sup>2</sup> Rubin, D.H.F., Zingl, F.G., Leitner, D.R., Ternier, R., Compere, V., Marseille, S., et al. Reemergence of Cholera in Haiti (Letter to the Editor). The New England Journal of Medicine. Nov. 30, 2022. Gade tou Carla N. Mavian, Massimiliano S. Tagliamonte, Meer T. Alam, S. Nazmus Sakib, Melanie N. Cash, Alberto Riva, V. Madsen Beau De Rochars, Vanessa Rouzier, Jean William Pape, J. Glenn Morris Jr., Marco Salemi, Afsar Ali. [Re-emergence of cholera in Haiti linked to environmental V. cholerae O1 Ogawa strains](#). 27 novanm 2022. Medrxiv [preyènpresyon].

<sup>3</sup> Rapò RNDDH, novanm 2022.

[<https://web.rnddh.org/wp-content/uploads/2022/11/12-Rap-Justice-Prisons-11Nov2022-FR.pdf>]

dwa fondalnatal Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun ak pwòp Konstitisyon peyi Dayiti a garanti.<sup>4</sup> Nan menm tan, si gen analiz ki fèt sou dwa epi sou lasante prizonye an Ayiti, fòk yo rann kont tout prizonye an Ayiti—kit yo kondane yo pou yon krim, kit yo pa kondane yo—gen ris pou yo pran kolera.

5. Konsènan detansyon prevantif, demann sa a mache an akò avèk *Report on Measures Aimed at Reducing the Use of Pretrial Detention in the Americas [Rapò sou mezi ki vize redui itilizasyon detansyon prevantif nan Amerik yo]* ki deklare ki limit klè Komisyon Entè-Ameriken mete sou detansyon prevantif. Kanta repons sante piblik anfas epidemi kolera nan Penitansye Nasyonal la ak nan tout sistèm prizon Ayiti a, demann sa a mache an akò avèk prensip, pi bon pratik, ak nòm ki nan plizyè dispozisyon ak dokiman gid OEA ak Nasyonzini genyen sou ki devwa yon gouvènman genyen pou l kwape epi trete maladi kontajye nan prizon oswa nan lòt espas fèmèn.<sup>5</sup> Anplis de sa, demann sa a abòde plizyè vyolasyon - ki gen ladan yo detansyon ilegal, detansyon abitè, trètman inimen, ak mank pwoteksyon jidisyè - yo jije Ayiti koupab pou tout, nan vyolasyon Konvansyon Ameriken, nan ka ki rele *Yvon Neptune v. Haiti*. Sepandan, Ayiti kontinye pa respekte lòd ak dedomajman yo te egzije l fè nan ka sa a; sa se yon vyolasyon obligasyon li antanke yon Eta ki siyen Konvansyon an.<sup>6</sup>
6. Demann sa a kore epi ale pi lwen pase mezi prekasyon Bureau des Droits Humains en Haïti ('BDHH') te mande an oktòb 2022, onon 31 moun yo te kenbe ilegalman nan detansyon pwovizwa pandan plizyè lane nan Penitansye Nasyonal la epi nan Prizon Sivil Okay la.<sup>7</sup> Nou chèche ale pi lwen pase repòtaj apwofondi dènye demann sa a te fè sou sitiasyon kritik prizonye an Ayiti ap viv. Pou fè sa, n ap rale plis atansyon sou menas grav ak ijan epidemi kolera poze pou prizonye yo epi pou tout kominote a.<sup>8</sup>
7. Demann sa chita sou yon espwa pou gen yon kolaborasyon efikas ant leta ak òganizasyon lokal yo, ki gen ladan yo òganizasyon ki kosiyen demann sa a, pou bay swen sante ak enfòmasyon nan prizon ak nan penitansye nan tout Ayiti epi nan popilasyon jeneral la, ki gen ladan l moun yo libere soti nan prizon yo.<sup>8</sup>

---

<sup>4</sup> Rapò RNDDH, novanm 2022.

[<https://web.rnddh.org/wp-content/uploads/2022/11/12-Rap-Justice-Prisons-11Nov2022-FR.pdf>]

<sup>5</sup> Gade *Principles and Best Practices on the Protection of Persons Deprived of Liberty in the Americas*, [IACHR-OAS, March 2008](#), Prensip X - Sante, referans ak "aplikasyon pwogram pou edikasyon ak pwomosyon lasante, vaksinasyon, ak trètman maladi atrapan, endemik, epi lòt maladi"; repons IACHR ak *Revision of the United Nations Standard Minimum Rules for the Treatment of Prisoners*, [UNODC/CCPCJ/EG.6/2014/INF/2](#), seksyon sou "Prevansyon ak trètman maladi atrapan"; IACHR, *Pandemic and Human Rights in the Americas*, [Res. No. 1/2020](#) (10 avril 2020), nan kontèks pandemi KOVID-19 la, Komisyon an mande pou tout Eta yo "adapte kondisyon detansyon pou moun ki prive de libète, sitou konsènan manje, lasante, lapwòpte, ak mezi karantèn pou anpeche KOVID-19 gaye anndan prizon an, epi an patikilye asire tout prizon gen swen sante ki disponib"; *Preparedness, prevention and control of COVID-19 in prisons and other places of detention*, Konsèy enterimè, 15 mas 2020, WHO [tradiksyon [PAHO](#)], ki abòde nesosite kapital pou espas, swen sante, ijyèn, ak aksè ak dlo sifizan nan kontèks yon maladi k ap gaye vit.

<sup>6</sup> Ka *Yvon Neptune v. Haiti*, Byenfonde, dedomajman, ak pri yo, I/A Court H.R. Series C No. 180 (Jijman 6 me 2008).

<sup>7</sup> Demann pou mezi prekasyon - IACHR - 0000072452, BDHH te depoze a (ki gen Pauline Lecarpentier ak Jacques Letang ki reprezante yo) 28 oktòb 2022.

<sup>8</sup> Anplis de demann BCHH te fè pou mezi prekasyon, demann sa a kore epi ale pi lwen pase mezi yo te prezante nan yon lèt ofisyèl Health through Walls Inc te voye bay H.E. Mr. Berto Dorcé, Minis Jistis ak Sekirite Piblik an Ayiti, nan mwa oktòb 2022. Health through Walls se yon ONG ki baze Ozetazini ki travay avèk otorite lokal yo pou bay manje ak swen sante pou prizonye yo. Gade Anèks 2.

8. Demann sa a sitye epidemi kolera sa a ansanm avèk devwa pou leta pwoteje sante moun ki nan prizon nan kontèks politik ak pratik istorik ak aktyèl k ap kraze demokrasi ak dwa grandèt majè Ayiti a. Kontèks sa a enpòtan anpil pou konprann kesyon an byen epi pou kreye epi mentni yon repons efikas anfas yon katastwòf sante ki se rezilta yon seri faktè estriktirèl.
9. Demann sa a gen objektif ki pi jeneral ak alòntèm. Objektif sa yo se (a) ankouraje kondisyon k ap pèmèt refòm jiridik ak politik dirab pou redui kantite moun ki nan prizon an Ayiti an jeneral, epi an patikilye sila ki nan detansyon prevantif; (b) anplifye revandikasyon moun k ap travay pou yon leta ayisyen ki demokratik, responsab, ak otonòm; epi (c) entegre nenpòt jefò pou reponn ak pwoblèm kolera nan prizon ak nan penitansye yo avèk jefò pou anpeche, trete, epi bay swen pou kolera nan popilasyon jeneral la.
10. Objektif sa yo mache an akò avèk konklizyon dènye rapò Komisyon an te soti an janvyè 2023 sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti, kote yo rekonèt gen yon bezwen ijan pou retabli lòd konstitisyonèl ak enstitisyon demokratik atravè sipò pou sosyete sivil la.<sup>9</sup> Sepandan, fòk nou note tou rapò sa a pa t janm mansyone dwa pou moun ki nan prizon, malgre gen anpil dokimantasyon sou yon pil ak yon pakèt vyolasyon dwa prizonye an Ayiti.<sup>10</sup> Mankman sa a gen plis pwa ankò nan kontèks dènye epidemi kolera sa a, kòm vyolans dwa sa yo pa sèlman jwe ak lavi moun ki nan prizon, men avèk lavi tout sosyete a.

## 2. BENEFISYÈ YO

11. Nou konprann pwopagasyon ak pòte epidemi sa a se yon manifestasyon politik nasyonal ak entènasyonal ki la depi lontan. Sepandan, moun ki se benefisyè dirèk demann pou mezi prekasyon sa a se moun ki nan detansyon prevantif nan Penitansye Nasyonal Dayiti a ki nan kapital peyi a, Pòtoprens.<sup>11</sup>
12. An pratik, sa vle di nou dwe pran ka popilasyon swivan yo: (a) moun yo kenbe nan Penitansye Nasyonal la, paske tout moun sa yo bezwen pwoteksyon espesyal selon demann sa a akòz gen yon ris grav k ap pandye sou tèt yo pou kolera gaye. Nou mete aksan sou moun ki gen ris akòz yo nan detansyon prevantif, men maladi sa a pa konnen estati legal moun nan, kidonk (b) moun k ap travay anndan oswa k ap vizite prizyon ak penitansye yo gen yon ris grav k ap pandye sou tèt yo pou yo pran kolera, tou.
13. Li enpòtan pou nou note: pandan n ap analize sitiyasyon an atravè yon optik tradisyonèl ki baze sou lalwa, demann sa a plis chita sou yon apwòch ki baze sou sante piblik, kidonk fòk yo okipe moun ki gen ris akòz yo pwòch ak prizon an. Konsa,

<sup>9</sup> IACHR, *Situation of Human Rights in Haiti*, OEA/Ser.L/V/II. Doc.358/22, apwouve 30 dawout 2022.

<sup>10</sup> Nan remak 26, paj 16, gen yon referans anpasan sou lefèt ke Komisyon an te rankontre avèk manm òganizasyon sosyete sivil ki angaje yo pou defann dwa plizyè gwoup ki vilnerab, pami yo moun ki prive de libète yo. Sepandan, yo pa t mete okenn detay sou rankont sa yo ni okenn angajman serye avèk dwa moun ki prive de libète yo nan rapò a.

<sup>11</sup> Note byen sa gen ladan l sèz (16) moun ki nan detansyon prevantif yo deja soumèt kòm benefisyè demann BDHH la pou mezi prekasyon yo te depoze an oktòb 2022. *Gade Demann pou mezi prekasyon - IACHR - 0000072452*, BDHH te depoze a (ki gen Pauline Lecarpentier ak Jacques Letang ki reprezante yo) 28 oktòb 2022.

nou konprann n ap makonnen agiman jiridik avèk agiman sante piblik nan yon fason ki nouvo men ki enpòtan anpil, pou nou eksplike ki obligasyon eta yo genyen pou yo prezève dwa pou benefisyè yo gen diyite ak lavi. Demann sa a mete aksan sou moun y ap kenbe nan detansyon prevantif paske Ayiti itilize detansyon prevantif nan fason manch long, ki se yon vyolasyon dirèk nòm entè-ameriken yo.

14. Nou mande pou yo defini kategori "benefisyè" yo nan yon fason ki vas akòz nati maladi a epi resous ki disponib yo. Kolera se yon maladi moun pran fasil atravè manje oswa dlo ki gen mikwòb kolera ladan l. Lè kolera mete pye l nan yon kominote, li gaye pi fasil akòz moun pa gen anpil aksè ak trètman, yo manke lapwòpte, epi yo manke dlo pwòp. Kidonk, maladi kontajye, tankou kolera, konn gaye fasil nan prizon yo. An Ayiti, kote prizon yo boure ak moun, sa pi vre ankò akòz gen anpil detansyon prevantif, move jesyon ak suivi, mankman ijyèn, mankman pèsònèl k ap travay nan prizon yo, ak mankman dlo pwòp ak bon jan manje ak swen sante.
15. Etandone maladi sa a atrapan anpil, prizon yo boure ak moun, epi gen pwen kontak ak moun ki nan prizon ak moun ki pa nan prizon, mezi prevantif ki chita sou konpòtman moun kòm endividi (pa egzanp, rekòmandasyon pou moun lave men yo) pa efikas – yo prèske rizib. Trètman endividyèl, tankou sewòm, ki kapab efikas anpil lè yon moun fèk tonbe malad, prèske enposib nan kondisyon detansyon aktyèl yo.
16. Fòk nou konsidere moman n ap fè demann sa a ak pwosedi swivan yo nan yon kontèks kote maladi a ap gaye vit nan sistèm prizon epi nan popilasyon jeneral la. Menm si se prizonye yo, moun k ap travay oswa moun k ap vizite Penitansye Nasyonal kapab moun ki gen ris ki pi grav ak pi ijan nan moman kote n ap fè demann sa a, etandone tandans epidemi kolera sa a, li pwobab lòt prizon toupatou nan peyi a pral tounen sit kote gen menm ris oswa menm pi gwo ris pou moun pran kolera nan moman lè Komisyon an oswa leta reponn ak demann sa a. Malgre demann sa a mete aksan sou moun ki nan detansyon prevantif nan Penitansye Nasyonal la, nan lavni fòk yo konsidere lòt moun ki nan Penitansye a avèk moun ki nan lòt prizon nan peyi a. **Kidonk, fòk tout jefò pou redui epi anpeche kolera gaye fèt onivo estriktirèl ak kominotè.** Sa vle di, fòk yo okipe ka endividyèl yo lè yo rive, men li nesèsè pou yo konprann tou moun ki nan detansyon prevantif an Ayiti fè pati yon kategori benefisyè pou rekou ki baze sou lalwa. Anplis, fòk yo fè trètman ki ka sove lavi moun disponib pou kominote kote moun ki te nan prizon tounen aprè yo fin lage yo.

### III. DEKLARASYON FÈ YO

#### Istwa itilizasyon abizif detansyon/detansyon prevantif ak kondisyon inimen nan prizon an Ayiti

17. Jan OHCHR konstate, moun ki nan prizon an Ayiti, sitou nan Penitansye Nasyonal la, espesyalman vilnerab anfas kolera akòz gen twòp moun nan prizon yo. To okipasyon nan kat (4) prizon prensipal an Ayiti plis pase 400%.<sup>12</sup> Yo te bati Penitansye Nasyonal la pou l kenbe 800 moun, men jodiya li gen prèske 4.000.<sup>13</sup> Prizonye nan Penitansye Nasyonal la fè konnen epi pataje videyo kote yo anpile youn sou lòt pou yo dòmi

<sup>12</sup> [Concerns grow as cholera spreads through Haiti's prisons](#), 11 oktòb 2022, AP News.

<sup>13</sup> [At the national penitentiary, the "Dubai" zone raises fears of an increase in cholera cases](#), 13 oktòb 2022, AyiboPost.



lannuit.<sup>14</sup> Rezon ki fè prizon yo gen tout moun sa yo ladan yo se sitou paske prizon Ayiti yo boure ak moun ki nan detansyon prevantif. Nan tout prizon nan peyi a, yo pa ko menm jije 84% nan prizon yo, pa menm kondane yo pou okenn krim.<sup>15</sup> Yo pa fè diferans nan prizon ant moun ki nan detansyon prevantif ak lòt prizon yo. Pami moun ki nan prizon nan sitiyasyon ankonbremen sa a, gen plizyè sitwayen ayisyen peyi Etazini te depòte yo. Lè moun sa yo rive Ayiti, otorite ayisyen yo te kenbe yo epi mete yo nan prizon, epi yo te ekstòke yo yon seri lajan anba tab pou yo te libere yo.<sup>16</sup> n ap mete aksan sou sitiyasyon Penitansye Nasyonal la nan demann sa a, men gen lòt moun ki nan menm sitiyasyon nan detansyon prevantif ilegal nan lòt prizon ak penitansye yo an Ayiti. Nan prizon ak penitansye sa yo tou, epidemi kolera makonnen avèk kondisyon inimen pou menase dwa pou moun viv, pou yo gen lasante, ak pou yo mèt pwòp tèt yo. Sa se yon gwo enkyetid, tou.<sup>17</sup>

18. Òganizasyon dwa moun, ajans Nasyonzini, ak lòt enstans te gentan ap dokimante kondisyon lamantab Penitansye Nasyonal la depi plizyè lane. Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun (HCDH) ap eksplike ensifizans sistèm prizon peyi a, sitou konsènan ris agrave pou maladi gaye depi dènye epidemi kolera nan lane 2011. Aprè pèsònèl Nasyonzini te vizite 12 prizon ant janvyè ak mas 2021, HCDH la te konstate itilizasyon abizif detansyon prevantif nan prizon an, makonnen avèk ankonbremen, mankman latrin, ak pinisyon kriyèl ak inabityèl kont prizon yo.<sup>18</sup> Yo twouve chak prizon te gen yon ti espas toupiti parapò ak nòm entènasyonal yo. Nan kèk ka, chak prizon te gen sèlman 0.23 mètr kare – sa se mwens pase yon dizyèm nòm nasyonal Ayiti a.<sup>19</sup> Sa ki enpòtan, rapò sa a konstate prizon yo vrèman manke medikaman ak materyèl, sitou nan sitiyasyon dijans.<sup>20</sup>

19. Epitou, divès ONG k ap travay an Ayiti konfime kondisyon inimen nan prizon yo. Nan desanm 2021, kat (4) ONG k ap travay nan domèn lasante ak eliminasyon povrete te fè konnen apeprè 11.000 moun nan prizon te gen "aksè ak manje, dlo, ak sèvis lasante ki limite anpil," epi yo te konfime malnitrisyon fè prizon yo "pi vilnerab ak maladi kontajye, epi lè yo fin enfekte, li pi pwobab pou gen yon move rezilta."<sup>21</sup> Repòtaj Associated Press mache ansanm avèk konklizyon sa yo; yo te fè konnen ant janvyè ak oktòb 2022 sèlman gen 180 prizon yo ki mouri akòz malnitrisyon sevè.<sup>22</sup> Nan vil Okay, manje a te fini nan prizon an nan mwa mas lane sa a [2023], epi kòm rezilta prizon yo t ap mouri grangou.<sup>23</sup> Se poutèt kondisyon

---

<sup>14</sup> [Letter to President Biden and Department of Homeland Security](#), 12 janvyè 2023, Miami Law Clinics, Alternative Chance (Chans Alternatif), Haitian Bridge Alliance, Robert F. Kennedy Human Rights, and the Gittis Transnational Legal Clinic (University of Pennsylvania Carey Law School).

<sup>15</sup> Rapò RNDDH, novanm 2022, *supra* note 2.

<sup>16</sup> ['Being held for ransom': Deported NJ man now jailed in notorious Haitian prison](#), 20 jiyè 2022, NorthJersey.com.

<sup>17</sup> Fòk nou note gen lòd Tribinal la te soti kont Ayiti aprè desizyon 2008 la nan *Yvon Neptune v. Haiti*, ki te adrese vyolasyon dwa moun ki t ap gaye nan sistèm prizon Ayiti a, ki kontinye jiskaprezan, jan nou eksplike nan paragraf sa a.

<sup>18</sup> [Haiti: Inhumane prison conditions demand urgent action – Bachelet](#), 20 jen 2021, Biwo Wo Komisè pou Dwa Moun. Office of the High Commissioner for Human Rights.

<sup>19</sup> ["N ap Mouri": rapport sur les conditions de détention en Haïti](#), jen 2021, Biwo Wo Komisè pou Dwa Moun/Biwo Entegre Nasyonzini an Ayiti (BINUH).

<sup>20</sup> ["N ap Mouri": rapport sur les conditions de détention en Haïti](#), jen 2021, Biwo Wo Komisè pou Dwa Moun/Biwo Entegre Nasyonzini an Ayiti (BINUH).

<sup>21</sup> [Food En Route to Hungry Haitian Pre-Trial Detainees & Inmates](#), 5 desanm 2021, Global News Wire.

<sup>22</sup> [Concerns grow as cholera spreads through Haiti's prisons](#), 11 oktòb 2022, AP News.

<sup>23</sup> [Starvation and Malnutrition in Haiti's prisons leading to Inmate deaths](#), 20 jen 2022, Caribbean News.

estriktirèl ensipòtab sila yo epidemi kolera ap frape Penitansye Nasyonal la ak lòt prizon nan peyi a fò konsa.

20. Te gen yon etid ki te fèt dènyeman ant departman Health Services Research and Community Health and Family Medicine (Rechèch sou Sèvis Lasante ak Sante Kominotè ak Medsin Fanmi) nan University of Florida (Inivèsite Laflorid), an kolaborasyon avèk Health through Walls ak Fakilte Medsin ak Famasi nan Inivèsite Leta Dayiti (UEH). Yo te twouve yon gason ki nan prizon an Ayiti, an mwayen, pa jwenn ase manje pou li pa mouri grangou. Li mèt anpil, epi li gen gwo ensifizans nitriyan.<sup>24</sup> Pami yon echantyon popilasyon gason yo te pran nan 2022 nan Penitansye Nasyonal ak yon lòt prizon nan Mibalè, etid la te twouve 85.8% prizonye yo te jwenn yon sèl manje pa jou, 93.4% pa t jwenn ase vitamin C pa jou pou anpeche yo pran eskòbit, epi 98.8% pa t jwenn ase tyamin pa jou pou anpeche yo gen sentòm beriberi.<sup>25</sup> Malgre pousantaj moun ki mèt anpil te amelyore ant 2021 ak 2022, konsomasyon kalori ak nitriyan te bese anpil, sa ki agrave yon vilnerabilite ki te deja grav pou prizonye yo pran maladi kontajye.
21. Moun ki nan prizon an Ayiti depann sou fanmi ak ONG pou bay yo manje ak medikaman ki soti deyò prizon an. Sepandan, estabilite ak vyolans k ap vale teren dènyeman anpeche rezo swen sa yo fonksyone, menm lè ka gen kèk fwotman ki kontinye (pa egzanp, gadyen ak lòt moun k ap ale-vini).

### **Epidemi kolera ki pete an Ayiti dènyeman**

22. Jou ki te 2 oktòb 2022, yo te konfime kolera te tounen an Ayiti<sup>26</sup> aprè prèske kat (4) lane san okenn ka konfime, ki te fèt anpil moun kwè yo te estèminen kolera aprè kask ble Nasyonzi te entwodui l nan lane 2010.<sup>27</sup> Maladi kontajye sa a, ki virilan anpil, gentan gaye vit nan tout peyi a. Ministè Lasante (MSPP) konfime 14.258 ka sispèk nan yon ti kal plis pase de (2) mwa.<sup>28</sup> Yo konfime gen ka nan uit (8) departman peyi a, epi yo sispèk gen ka nan dis (10) departman, epi to mòtalite a se 2%.<sup>29</sup> Jiska 9 desanm [2022], te gen 285 moun ki mouri nan kolera ofisyèlman nan peyi a.<sup>30</sup>
23. Gen yon kriz kote faktè politik ak faktè imanite yo ap mare sosis, epi kriz sa a ap agrave epidemi a. Yon gouvènman defakto pèdi eta de dwa nan anpil zòn nan peyi a, ki fèt gang ame yo vale teren, sitou nan katye popilè pòv yo, epi sa fèt li prèske enposib pou malad yo jwenn tretman epi pou doktè yo bay swen.<sup>31</sup> Gang yo mete blokay lè pri gaz yo monte aprè gouvènman an wete sibvansyon gaz yo nan septanm 2022. Sa te

---

<sup>24</sup> Mainous Arch G., Bernard Jean, Auguste Stephanie, Louis Jacques R., Dieufort Danove J., Duverger Karine, Beau de Rochars Madsen, May John. "[A cautionary tale for health education initiatives in vulnerable populations: Improving nutrition in Haiti prisons](#)". *Frontiers in Medicine*. Nimewo 9, 2022.

<sup>25</sup> Mainous Arch G., Bernard Jean, Auguste Stephanie, Louis Jacques R., Dieufort Danove J., Duverger Karine, Beau de Rochars Madsen, May John. "[A cautionary tale for health education initiatives in vulnerable populations: Improving nutrition in Haiti prisons](#)". *Frontiers in Medicine*. Nimewo 9, 2022. Gade [Tablo 1](#).

<sup>26</sup> [Cholera - Haiti](#), 12 oktòb 2022, World Health Organization.

<sup>27</sup> [Haiti reaches one-year free of cholera](#), 23 janvyè 2020, Òganizasyon Panameriken Lasante (OPS)

<sup>28</sup> [Situation Épidémiologique Du Choléra, 08 Décembre 2022, Haiti](#), 9 desanm 2022, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP).

<sup>29</sup> [Epidemiological Update - Cholera](#), 6 desanm 2022, Òganizasyon Panameriken pou Lasane

<sup>30</sup> [Situation Épidémiologique Du Choléra, 08 Décembre 2022, Haiti](#), 9 desanm 2022, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP).

<sup>31</sup> [Gang Warfare Cripples Haiti's Fight Against Cholera](#), 29 novanm 2022, New York Times.

kokobe rezèv gaz yo, ki fè l enposib pou moun pote èd imanité pou sa ki nan bezwen yo. Sa menm te fòse anpil lopital redui operasyon yo oswa menm fèmen.<sup>32</sup> Sa tou fè l prèske enposib pou doktè jwenn malad ki gen kolera yo epi pou ba yo swen.<sup>33</sup> Gouvènman defakto a pa montre okenn siy l ap kapab pran kontwòl nan men gang ame yo; anfèt, gen gang ki makonnen avèk pati politik yo ak politisyen epi ki jwenn sipò nan men yo.<sup>34</sup> Premye Minis Ariel Henry pa gen okenn manda konstitisyonèl, jan Komisyon an te konstate nan dènye rapò li te soti sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti,<sup>35</sup> epi peyi a pa gen okenn Palman k ap fonksyone, epi yon sistèm jidisyèl ki prèske pa fonksyone.<sup>36</sup> Jiska debi mwa janvyè [2023], pa gen okenn reprezantan eli nan gouvènman an ki rete an Ayiti.<sup>37</sup>

24. Kanta mankman yon sistèm jidisyèl ki fonksyonèl, sa makonnen avèk detansyon prevantif; anefèt, yo te boule nan mwa jiyè 2022 tribinal ki gen dosye ki gen pou wè ak prizonye (swa sila ki nan detansyon prevantif, oswa sila ki gen lòt estati) ki nan Penitansye Nasyonal la. Sa te elimine posiblité pou pèsonn moun evalye baz jiridik pou yo kenbe tout prizonye sa yo.<sup>38</sup> Sitiyasyon sa a esansyèl pou rezilta epidemi kolera a, kòm Òganizasyon Mondyal pou Lasante (OMS) te avèti sitiyasyon ensekirite ak enstabilite politik la kapab agrave kriz la.<sup>39</sup>
25. Epitou, peyi a ap sibi yon kriz imanité pi laj k ap agrave efè kolera yo, akòz mankman manje, dlo pwòp, ijyèn, ak lòt resous ki te enpòtan nan lit kont dènye epidemi kolera nan 2011.<sup>40</sup> Gen 4.7 milyon Ayisyen ki nan yon eta grangou ki rive nan "nivo kriz"; pou la premye fwa, 19.000 Ayisyen rive nan yon eta grangou ki "katastwofik," nivo 5 nan endis Sistèm Entegre Klasifikasyon Sekirite Alimantè.<sup>41</sup> Tout sa fè Ayisyen pi vilnerab ankò anfas maladi a. Anplis, nan kòmansman lane 2022, apeprè 3.3 milyon Ayisyen pa t gen aksè ak dlo pwòp pou yo bwè.<sup>42</sup> Akòz tout faktè makonnen sila yo, epidemi aktyèl la pa sou kontwòl menm.

## **Gen to enfeksyon kolera ki grav pou tout prizonye nan Penitansye Nasyonal la**

26. Petèt milye ki pi grav kote kolera ap gaye se anndan sistèm prizon an. Malgre medya lokal la an jeneral te sispann rapòte pwogresyon kolera nan prizon Ayiti yo nan zòn 18 oktòb 2022, epi Ministè Lasante a pa pibliye okenn done sou ka kolera nan Penitansye Nasyonal la depi 5 novanm 2022, moun ki nan prizon an temwanyè tandans yo te konstate anvan ap vin pi grav pandan dènye semèn yo.

---

<sup>32</sup> [Gang blockade cripples Haiti fuel supplies, hospitals prepare to close](#), 27 septanm 2022, Reuters.

<sup>33</sup> [Choléra: sans le carburant on ne pourra rien faire, s'alarme le Dr Pape](#), 24 oktòb 2022, Le Nouvelliste.

<sup>34</sup> [Sanctions, élections, consensus, appui à la PNH, l'ambassadeur du Canada à l'ONU, Bob Rae, fait le point](#), 9, 2022 desanm Le Nouvelliste.

<sup>35</sup> IACHR, [Situation of Human Rights in Haiti](#), OEA/Ser.L/V/II. Doc.358/22, apwouve 30 dawout 2022.

<sup>36</sup> [Haitians Being Returned to a Country in Chaos](#), 24 mas 2022, Human Rights Watch.

<sup>37</sup> [Haiti left with no elected government officials as it spirals towards anarchy](#), 10 janvyè 2023, The Guardian.

<sup>38</sup> [Prosecutor accuses gang of setting Haiti courthouse on fire](#), 26 jiyè 2022, AP News.

<sup>39</sup> [Cholera - Haiti](#), 12 oktòb 2022, Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS).

<sup>40</sup> [Resurgence of Cholera in Haiti amidst Humanitarian Crises](#), 30 novanm 2022, The New England Journal of Medicine.

<sup>41</sup> ['Catastrophic' hunger recorded in Haiti for first time, UN warns](#), 14 oktòb 2022, UN News.

<sup>42</sup> [Haiti enters 2022 struggling with cost of living increases, lack of drinking water](#), 26 janvyè 2022, Peoples Dispatch.

27. Antanke youn nan prizon ki pi notwa pou ankonbreman ak mankman resous nan mond lan, Penitansye Nasyonal la nan Pòtoprens prezante yon sitiyasyon ki patikilyèman danjere.<sup>43,44</sup> Akòz sitiyasyon prizon an, prizonye yo ansanm avèk lòt moun ki enplike nan sistèm prizon an pi vilnerab anfas kolera. Prizonye yo gen ankò mwens aksè ak dlo pwòp, lapwòpte, manje, ak medikaman pase moun ki pa nan prizon.<sup>45</sup>
28. Anndan Penitansye Nasyonal la, prizonye yo pataje eksperyans yo, kote yo te wè lòt moun mouri anba bab yo pandan y ap lite kont maladi a malgre yo manke manje ak dlo pwòp. Yon msye ki nan prizon an ki te pale avèk Peste Magazine te eksplike kòman kondisyon anndan prizon an rann yo pi vilnerab.<sup>46</sup> Li te di moun nan prizon an pa t jwenn ni manje ni dlo pandan senk (5) jou, epi yo te gen "sèlman yon bokit kòm twalèt pou yo pataje avèk plizyè douzèn moun." Kolera gaye nan prizon an pi fasil akòz yo pa gen bon jan latrin, mikwòb la atrapan anpil, epi moun pran li nan dlo ki kontamine ak pou pou.<sup>47</sup> Yon lòt prizonye nan Penitansye a fè konnen sèl rezèvwa dlo ki disponib pou prizonye yo gen ant de (2) ak kat (4) rat ki mouri ladan l chak jou.<sup>48</sup>
29. Yo fè estimasyon gen omwen 21 moun ki mouri ak 147 ki entènè jiska 11 oktòb 2022 akòz sitiyasyon sa a nan Penitansye Nasyonal la.<sup>49</sup> Moun ki temwaye sou sa yo viv anndan prizon an fè estimasyon te gen omwen 60 moun ki mouri anvan dat sa a. Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH) kalkile gen 24 moun ki mouri rive nan fen mwa oktòb [2022] la.
30. Otorite yo te mete nan prizon touswit plizyè sitwayen ayisyen peyi Etazini te depòte yo. Dosye sa yo resevwa anpil atansyon nan medya epi nan kèk òganizasyon debaz, paske yo reprezante kèk nan enjistis moun konn sibi nan prizon an. Youn ladan yo, Roody Fogg, te mouri aprè li te pran kolera epi li pa t jwenn okenn swen sante ditou.<sup>50</sup> Dapre moun ki te nan menm kacho avè l, "li te fè dyare ak vomisman jiskaske li pa t kapab kanpe ankò epi li te wè nwa."<sup>51</sup> Li pa t resevwa okenn medikaman; li pa t menm wè okenn doktè.
31. Nan lòt prizon nan peyi a, tou, moun ap mouri anba maladi sa a, pami yo twa moun pandan de (2) jou nan fen mwa novanm [2022] nan prizon Jakmèl la.<sup>52</sup> Sepandan, li remakab MSPP konfime sèlman sis (6) ka kolera nan Jakmèl antou depi kriz la pete, dapre dènye rapò li te soti sou sitiyasyon an, ki souve kesyon sou ki jan y ap kolekte epi entegre – oswa pa kolekte ak entegre – done sou kolera nan prizon yo, antèm de chif yo.

<sup>43</sup> [Haiti's Cholera Outbreak Reaches the National Penitentiary](#), 9 oktòb 2022, Peste Magazine.

<sup>44</sup> [Au pénitencier national, l'espace "Dubai" fait craindre une multiplication des cas de choléra](#), 8 oktòb 2022, AyiboPost.

<sup>45</sup> [Haiti's Cholera Outbreak Reaches the National Penitentiary](#), 9 oktòb 2022, Peste Magazine.

<sup>46</sup> [Haiti's Cholera Outbreak Reaches the National Penitentiary](#), 9 oktòb 2022, Peste Magazine.

<sup>47</sup> [Cholera - Vibrio cholerae infection](#), 30 septanm 2022, Centers for Disease Control and Prevention

<sup>48</sup> [Letter to President Biden and Department of Homeland Security](#), 12 janvye 2023, Miami Law Clinics, Alternative Chance (Chans Alternatif), Haitian Bridge Alliance, Robert F. Kennedy Human Rights, avèk Gittis Transnational Legal Clinic (University of Pennsylvania Carey Law School).

<sup>49</sup> [Concerns grow as cholera spreads through Haiti's prisons](#), 11 oktòb 2022, AP News.

<sup>50</sup> ['They threw him in a corner': After cholera outbreak, one deportee is dead, two others ill in Haiti prison](#), 15 oktòb 2022, NorthJersey.com.

<sup>51</sup> ['They threw him in a corner': After cholera outbreak, one deportee is dead, two others ill in Haiti prison](#), 15 oktòb 2022, NorthJersey.com.

<sup>52</sup> [Les remous de l'actualité](#), 2 desanm 2022, Le Nouvelliste.

32. Moun ka wè menm kalite dekalay nan done MSPP a genyen sou kolera nan Penitansye Nasyonal la. Nan rapò sou sityasyon kolera MSPP te pibliye ant 14 oktòb ak 2 novanm 2022 a, done pou Penitansye Nasyonal la – ki nan yon bwat apa ki gen tit "sityasyon patikilyè" – pa demontre okenn chanjman pandan tout peryòd sa a. San taktik pou minimize kriz la, tankou liberasyon prizonye yo anmas, sewòm oral, ak sèvis ijyèn, li pwobab kolera ta kontinye blayi vit nan yon milye semi-fèmen tankou Penitansye Nasyonal la. Kidonk, to kolera ki pa janm chanje nan rapò sou sityasyon sa yo souleve enkyetid sou kantite ka kolera ki pase san yo pa detekte yo epi/oswa pa rapòte yo.
33. Jou ki te 3 ak 5 novanm, done MSPP sou kolera nan Penitansye Nasyonal la – ki pa nan yon bwat apa ankò, men kòm yon soukategori done pou Pòtoprens – te resi chanje, lè chif ka sispèk yo te monte anpil:

<b>Rapò altènatif sou done kolera nan Penitansye Nasyonal la</b> <i>[yo mete sa nan rapò sou sityasyon an MSPP te soti 3 ak 5 novanm 2022]</i>			
	<b>Ka sispèk</b>	<b>Echantiyon fekal yo pran</b>	<b>Ka konfime</b>
3-nov-22	368	16	14
4-nov-22	<i>okenn done</i>		
5-nov-22	645	16	14

34. Done sa yo preyokipan pou plizyè rezon:
- Etandone done yo kimilatif, fòk nou asime yo te pran sèlman 16 echantiyon fekal jiska 5 novanm, ki reprezante sèlman 2% tout ka sispèk kolera nan prizon an jiska dat sa a
  - Malgre to kolera te monte plis pase 75% soti 3 novanm rive 5 novanm, yo pa t pran okenn echantiyon fekal adisyonèl. Anplis, MSPP te sispann rapòte done sou kolera nan prizon an touswit aprè yo te wè yon ogmantasyon serye nan ka sispèk sa yo [277 moun, tout ladan yo, dapre definisyon MSPP a bay pou ka sispèk yo, ta genyen "*anpil dyare sevè tankou dlo, avèk oswa san vòmisman, avèk oswa san dezidratasyon*"]<sup>53</sup>
  - MSPP te sispann rapòte to lanmò nan nouvo fòm sa a, ki souleve kesyon sou si epi poukisa yo te sispann kontwole konbyen moun ki mouri nan Penitansye Nasyonal la
35. Aprè 5 novanm 2022, MSPP a te sispann rapòte ka kolera nan Penitansye Nasyonal la nèt. Mankman done sa a, aprè yon peryòd kote rapò yo ak pratik depistaj yo te diskite, souleve enkyetid gen moun yo kenbe nan Penitansye Nasyonal la ak nan lòt prizon nan peyi a yo pa kontwole kòm sadwa nan done kolera, epi pwoblèm nan gendwa pi gwo pase sa yo panse kounye a.

<sup>53</sup> [Situation Épidémiologique Du Choléra.04 Novembre 2022.Haïti](#), 5 desanm 2022, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP).

## Kolera parèt an Ayiti: wòl enstans entènasyonal ak nasyonal yo te jwe

36. Nan mwa oktòb 2010, MINUSTAH te pote kolera an Ayiti, yon maladi ki pa t janm egziste nan peyi a dapre dokimantasyon an. MINUSTAH se te kask ble yo Nasyonzini te tabli nan lane 2004, ki te sanse ede lapolis (PNH) bay sekirite aprè kokennchenn tranblemanntè 2010 la. Sòlda ki soti nan peyi Nepal te pote mikwòb kolera nan kò yo san yo pa konnen, epi yo lage l nan fason manfouben nan pi gwo flèv Ayiti a atravè yon enfrastrikti sanitasyon vaykevay nan baz MINUSTAH nan Meye. Kòm rezilta, yo te kontamine dlo Ayisyen nan zòn nan te konn itilize pou yo bwè ak benyen. Kolera te gaye vit nan tout peyi a, akòz move enfrastrikti sante piblik ki te vin pi deteryore akòz tranblemanntè a. Desizyon nasyonal ak aksyon ki pa efikas onivo entènasyonal te mare sosis yo depi lontan pou fè enfrastrikti sante piblik la deja fèb. Konsa kolera te vin enfekte plis paske yon milyon moun, epi omwens 10.000 moun te mouri.<sup>54,55</sup>
37. Aprè viktim epidemi kolera ansanm avèk moun k ap defann yo te revandike pandan plizyè lane, nan lane 2016 Nasyonzini te mande padon pou wòl yo te jwe a epi yo te pwomèt \$400 milyon pou finans enfrastrikti sante piblik, pami lòt bagay. Sepandan, yo gentan ranmase sèlman 5% kòb sa a, epi pifò ayisyen toujou pa gen aksè ni ak sanitasyon sifizan ni ak dlo pwòp pou yo bwè.<sup>56,57</sup>
38. Nan 2019, Ministè Lasante, ONG, ak òganizasyon debaz yo te gentan kwape epidemi kolera pandan yon dizèn lane kote pa t gen anpil resous epi maladi a t ap vale teren.<sup>58</sup> Sepandan, analiz syantifik ki te fèt dènyeman sijere kolera k ap *parèt ankò* jounen jodiya lye ak menm souch 2010 la.<sup>59</sup> Kolera ap parèt ankò akòz mankman finansman pou enfrastrikti dlo, lapwòpte, ak ijyèn (sa k rele enfrastrikti "WASH" nan sig anglè), malgrè Nasyonzini te pwomèt finansman pou sa nan 2016.<sup>60</sup> Anplis, defansè yo lonje dwèt sou mankman vaksen pou kolera an Ayiti kòm yon egzanp inegalite.<sup>61</sup>
39. Aktyèlman, laj moun ki gen kolera nan kominote jeneral la mache ansanm avèk faktè ki te kreye epidemi sa a. Nan yon sant sante GHESKIO (yon ONG lasante) jere, 52% moun ki gen kolera se timoun ki gen mwens pase 14 lane. Sa kapab akòz ensekirite politik Ayiti a agrave malnitrisyon pami timoun laj sa a, ki fè yo pi vilnerab anfas tout

---

<sup>54</sup> Varma, Monika Kalra, Margaret L. Satterthwaite, Amanda M. Klasing, Tammy Shoranick, Jude Jean, Donna Barry, Mary C. Smith Fawzi, James McKeever, and Evan Lyon. "Wòch nan solèy: The denial of the right to water in Haiti 9 septanm 2013." *Health and Human Rights* 10: 2.; *gade tou*: Ivers, Louise C., Paul Farmer, Charles Patrick Almazor, ak Fernet Léandre. "Five complementary interventions to slow cholera: Haiti." *The Lancet* 376, no. 9758 (2010): 2048-2051.

<sup>55</sup> [Broken UN Promises Lead to Haiti Cholera Resurgence](#), 11 oktòb 2022, Bureau des Avocats Internationaux, Institute for Justice and Democracy in Haiti.

<sup>56</sup> [Why a rights-based UN response to cholera matters for COVID-19](#), 28 dawout 2020, Open GLocal Rights.

<sup>57</sup> [Haiti Cholera Response Multi-Partner Trust Fund](#), United Nations MPTF Office, Partners Gateway.

<sup>58</sup> Guillaume Y., Ternier, R., Vissieres, K., Casseus, A., Chery, M.J., Ivers, L.C. Responding to Cholera in Haiti: Implications for the National Plan to Eliminate Cholera by 2022, *The Journal of Infectious Diseases* (218):S3, novanm 2018.

<sup>59</sup> Rubin, D.H.F., Zingl, F.G., Leitner, D.R., Ternier, R., Compere, V., Marseille, S., et al. Reemergence of Cholera in Haiti (Letter to the Editor). *The New England Journal of Medicine*. 30 novanm 2022.

<sup>60</sup> [Need to Know: WASH](#), 21 avril 2020, Partners in Health.

<sup>61</sup> [Cholera Outbreaks Surge Worldwide as Vaccine Supply Drains](#), 31 oktòb [mizajou 1 novanm] 2022, *The New York Times*.

kalite maladi.<sup>62</sup> Anplis materyo medikal ak materyo ijyèn, reponn ak epidemi kolera sa a mande pou yo fè l posibil pou moun pase nan wout yo an sekirite, retabli aksè ak petwòl pou moun ka ponpe dlo epi distribye manje, epi asire moun gen abri sifizan.<sup>63</sup>

### **Fòk mezi yo konsidere nan menm tan detansyon prevantif ilegal ak kondisyon ki fè l pi fasil pou maladi blayi**

40. Nasyonzini fè konnen kondisyon nan prizon an Ayiti fè l disifil anpil pou anpeche kolera blayi, akòz ankonbreman epi mankman aksè ak dlo, lapwòpte, ak swen sante.<sup>64</sup>
41. Pretrial Rights International deklare Ayiti ap vyole angajman li te pran anfavè nòm dwa moun akòz ankonbreman ekstrèm nan prizon yo epi gwo to detansyon prevantif.<sup>65</sup> Li konstate moun fè anpil anpil tan nan detansyon prevantif akòz "ensifisans sistematik" nan sistèm penal Ayiti a, ki gen ladan yo mank pèsònèl, mank fòmasyon, ak mank finansman, ansanm avèk yon mank kontwòl jidisyè flagran. Yon rapò altènatif kat (4) ONG ki travay nan domèn dwa moun te remèt Egzamen Peryodik Inivèsèl te konfime sa. Yo te di "move fonksyonman kwonik" sistèm jidisyè Ayiti a responsab poutèt majorite moun ki nan prizon nan detansyon prevantif san okenn pwosedi regilyè "nan kondisyon inimen ki souvan menase lavi moun."<sup>66</sup> Daprè òganizasyon dwa moun nasyonal ki rele Réseau National de Défense des Droits Humains, pami 19 prizon sivil an Ayiti, sèlman kat (4) ladan yo "bay ase espas pou nou konsidere yo aseptab pou moun y ap prive de libète."<sup>67</sup>
42. Tribinal Entè-Ameriken an deja twouve Ayiti responsab pou vyolasyon konsa – ki gen ladan yo detansyon ilegal, detansyon abitè, trètman inimen, ak mankman pwoteksyon jidisyè – nan desizyon li te pran nan 2008 nan *Yvon Neptune v. Haiti*. Ayiti kontinye pa aplike lòd ak reparasyon li te oblije fè antanke pati Eta nan desizyon sa a.<sup>68</sup>
43. Moun nan prizon pa kapab pare yon maladi terib tankou kolera nan kondisyon ankonbreman konsa, kote y ap viv nan "kondisyon inimen."<sup>69</sup> Se youn nan rezon ki fè OHCHR rekòmande pou otorite yo fè demach pou yo redui kantite moun ki nan detansyon yo, ki gen ladan yo libere moun ki pi vilnerab ak maladi a bonè.<sup>70</sup> Moun pa

---

<sup>62</sup> Rapò RNDDH, novanm 2022.

[<https://web.rnddh.org/wp-content/uploads/2022/11/12-Rap-Justice-Prisons-11Nov2022-FR.pdf>]

<sup>63</sup> Bartles, S.A., and Wisner, S.C. "Haiti's right to remedy and health- an urgent call to action". The Lancet: Regional Health Americas (10). jen 2022.

<sup>64</sup> [Urgent action needed to end 'inhumane conditions' facing Haiti prisoners: UN rights chief](#), 30 jen 2021, UN News.

<sup>65</sup> [Republic of Haiti - Overview](#), PreTrial Rights International.

<sup>66</sup> [Submission to the United Nations Human Rights Council Universal Period Review](#), February 2022, Bureau des Avocats Internationaux (BAI), Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH), Alternative Chance/Chans Alternatif, ak Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH) / National Human Rights Defense Network.

<sup>67</sup> RNDDH Report, novanm 2022.

[<https://web.rnddh.org/wp-content/uploads/2022/11/12-Rap-Justice-Prisons-11Nov2022-FR.pdf>]

<sup>68</sup> Ka *Yvon Neptune v. Haiti*, Merits, I/A Court H.R. Reparations and Costs, Series C No. 180 (Jijman 6 me 2008).

<sup>69</sup> [Reservoirs of Injustice: How incarceration for drug-related offenses fuels the spread of tuberculosis in Brazil](#), mas 2019, Global Health Justice Partnership.

<sup>70</sup> [Haiti: Inhumane prison conditions demand urgent action – Bachelet](#), 20 jen 2021, Biwo Wo Komisè pou Dwa Moun.

kapab evite maladi sa a lè yo nan prizon ki chaje ak moun, san manje, dlo pwòp, aksè ak swen sante, oswa menm twalèt pou yo pou pou.

44. Yo pa janm akize anpil moun ki nan detansyon prevantif pou okenn krim fòmèlman, epi se moun sa yo ki reprezante pi gran pati prizonye nan Penitansye Nasyonal la. Si yo ta libere moun ki nan detansyon prevantif yo, sa ta aleje ankonbreman an, ki ta pèmèt maladi a gaye pi dousman. Epi li ta fè l pi fasil pou redui pwoliferasyon kolera pou moun ki rete yo.

### **Konsiderasyon etik ki gen pou wè ak benefisyè yo nan kontèks liberasyon prizonye pandan yon epidemi maladi kontajye**

45. Pou moun ki pa nan prizon, lamizè ki makonnen ak ensekirite, mank petwòl, lojman ensifizan, ak mank enfrastrikti lapwòpte ap alimante epidemi a.<sup>71</sup> Prezans (akòz Nasyonzini ki entwodui l nan lane 2010), pwoliferasyon, ak retou kolera se rezilta faktè politik entènasyonal ak nasyonal ki alimante kondisyon pou yon epidemi.
46. Menm si prizonye yo (moun ki nan detansyon prevantif ansanm avèk prizonye ki gen lòt estati) se gwoup ki pi vilnerab anfas kolera akòz move kondisyon lavi ak lasante anndan prizon an, fòk yo elabore kèlkeswa mezi prekasyon pou pwoteje tout lòt manm kominote prizon an – gadyen, moun ki travay nan kantin, pèsònèl lasante, ak fanmi k ap vizite – ki gen gwo ris ijan akòz epidemi kolera a.<sup>72</sup>
47. Menm si pèsònèl prizon an gendwa gen dlo pou bwè ak twalèt apa, move kondisyon nan prizon an gen move efè sou byennèt yo an jeneral, tou. Moun ki travay nan prizon yo fè konnen gen kondisyon travay ostil ki konn fè yo fè grèv. Grèv sa yo konn agrave kondisyon ankonbleman ak mankman resous ki alimante epidemi kolera a. Kidonk, anplis de liberasyon tout prizonye ki afekte yo, objektif alontèm yo dwe gen ladan yo pou yo redui kantite moun ki nan prizon an epi amelyore kondisyon prizon yo.
48. Se fanmi ak travayè ONG ki pran responsablite leta ta dwe pran pou bay moun ki nan prizon manje ak medikaman. Moun sa yo reprezante yon obligasyon pou leta ki diferan men ki parèyman ijan. Si moun sa yo okipe manm fanmi yo ki gen kolera, yo gen ris pou yo pran kolera yo menm si yo manyen dlo kò (dyare) malad la, sitou si pa gen dlo pwòp pou yo dezenfekte aprè yo fin manyen yo. Kidonk, efè move kondisyon anndan prizon an depase prizon an pou rive nan kominote kote pa gen bon jan enfrastrikti sante piblik. Sa kapab elaji epi agrave epidemi a.
49. Menm si se manm kominote Penitansye Nasyonal la ki benefisyè dirèk demann sa a, fòk nou note aksyon administratif ak lejislatif n ap fè nan demann sa a ta gen avantay pou tout kominote prizon an Ayiti, sitou (a) moun ki nan prizon nan vyolasyon lalwa nasyonal ak akò entènasyonal Ayiti te siyen yo konsènan detansyon prevantif ak tretman imen prizonye yo; epi (b) moun ki nan prizon kote gen twòp moun epi/oswa ki pa gen ase sèvis pou pwoteje prizonye yo kont maladi atapan.

---

<sup>71</sup> Severe, K., Alcenat, N., Rouzier, V. Resurgence of Cholera in Haiti amidst Humanitarian Crises (Letter to the Editor). The New England Journal of Medicine. 30 novanm 2022.

<sup>72</sup> Pou direktiv sou pwoteksyon prisonye ak "biyosfè prizon" pi global la kont maladi atapan, gade: Advice of the Subcommittee on Prevention of Torture to State Parties and National Preventive Mechanisms related to the Coronavirus Pandemic (mas 2020), <https://www.ohchr.org/Documents/HRBodies/OPCAT/AdviceStatePartiesCoronavirusPandemic2020.pdf>.



50. Anplis, nan siyay epidemi kolera nou te dekri pi wo a, gen enplikasyon ki depase prizon yo ki afekte pèp ayisyen an pi globalman, gouvènman defakto a, epi kominote entènasyonal la.

#### IV. JIRIDIKSYON KOMISYON AN

##### *Reyalizasyon kritè Atik 25 yo*

51. Dapre Atik 25(1) nan Règ Pwosedè li yo, Komisyon an gen otorite pou li resevwa epi satisfè demann pou mezi prekosyon ki "konsène sitiyaasyon grav ak ijan ki reprezante yon ris domaj ireparab pou moun."<sup>73</sup> Yo bay plis detay sou kritè sa yo nan souparagraf (2a), (2b) ak (2c).
52. Sou premye enpresyon, ka sa a demontre benefisyè nou propoze yo (i) nan yon **sitiyaasyon grav** (detansyon prevantif ilegal, makonnen avèk kondisyon detansyon ki inimen) ki menase dwa yo, vi yo, ak sante yo seryèzman; (ii) nan yon **sitiyaasyon ijan** kòm kolera kontinye ap blayi sou peyi a vit, sitou nan milye ki gen gwo ris tankou prizon; epi (iii) gen yon ris pou yo sibi **domaj ireparab** sou dwa pou moun viv, pou yo gen lasante, ak pou yo mèt pwòp tèt yo. Konsa, benefisyè yo bezwen "aksyon prevantif oswa pwotektè imedya."<sup>74</sup>

##### *Jirispridans pètinan nan Sistèm Dwa Moun Entè-Ameriken*

#### A. Detansyon prevantif epi nòm entè-ameriken pètinan ak lòt nòm pètinan

53. Ayiti abize detansyon prevantif la epi li itilize l twòp. Sa vle di Ayiti ap vyole pwòp kòd penal pa l ansanm avèk Atik 26 Konstitisyon li, ki deklare, "Lè yo arete yon moun, yo pa gen dwa kenbe l nan prizon plis pase karantuit (48) èdtan depi yo te arete l la, san yo a mennen l devan yon jij. Jij la va deklare si yo te arete moun nan legal, e li va bay bon rezon ki fè li deside, se pou yo kenbe moun nan."<sup>75</sup> Kondisyon prizon Ayiti yo vyole Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun (atik 5, 7, ak 8) direktman.<sup>76</sup> Anplis, peyi a ap vyole jijman presedan Tribinal Entè-Ameriken sou Dwa Moun nan te pran nan *Yvon Neptune v. Haiti*, ki te egziye Ayiti fè prizon li yo mache dakò avèk nòm minimòm entènasyonal la anvan lane 2010.<sup>77</sup>
54. Pratik detansyon prevantif an Ayiti vyole tout nòm ak presedan yo te devlope selon sistèm entè-ameriken an konsènan atik 7 Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun, sitou 7(2), (3), (4) ak (5). Jirispridans presedan, ki gen ladan l *Barreto Leiva v Venezuela*, detèmine Leta a dwe bay "rezon sifizan pou reyalize yon objektif lejitim

<sup>73</sup> Regleman pwosedè CIDH, *supra* nòt 1.

<sup>74</sup> *Id.* at art. 25(2b).

<sup>75</sup> Republic of Haiti - Overview, PreTrial Rights International.

<sup>76</sup> Republic of Haiti - Overview, PreTrial Rights International; note byen ke, andeyò jiridiksyon CIDH la, kondisyon prizon an Ayiti vyole Akò Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik yo (atik 7, 9, ak 10) ansanm av'k Konvansyon kont Tòti a (atik 16(1)).

<sup>77</sup> Soumisyon pou Egzamen Peryodik Konsèy Nasyonzi pou Dwa Moun, fevriye 2022, Bureau des Avocats Internationaux (BAI), Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH), Alternative Chance/Chans Alternatif, ak Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH) / National Human Rights Defense Network.

selon Konvansyon an" si y ap kenbe yon moun nan detansyon prevantif legalman.<sup>78</sup> Komisyon Entè-Ameriken an eksplike, nan *Report on Measures Aimed at Reducing the Use of Pretrial Detention in the Americas [Rapò sou mezi ki vize redui itilizasyon detansyon prevantif nan Amerik yo]*, sèl objektif ki lejitim "pa dwe anpeche pwosedi a vanse oswa bloke lajistis."<sup>79</sup> Kidonk, si prizonye a pa reprezante yon ris pou li bloke lajistis oswa pou l kouri, Leta pa gen okenn otorite jiridik pou li kenbe moun nan anvan yo kondane l.<sup>80</sup> Anplis, *Tibi v Ecuador* detèmine si yo pa fè yon moun konnen poukisa yo kenbe l epi si yo pa mete detansyon sa a sou kontwòl jidisyè tousuit, sa se yon vyolasyon atik 7(4) ak 7(5).<sup>81</sup>

55. An Ayiti, li rezonab pou deklare apeprè 84% moun ki nan prizon nan detansyon prevantif. Sanble tribinal Pòtoprens lan pèdi anpil dokiman ak dosye pètinan nan ka moun sa yo aprè gang yo te mete dife nan tribinal la an jiyè 2022. Sèl rezon lejitim pou detansyon prevantif se lè yo panse moun nan pral kouri oswa bloke lajistis; etandone kantite moun ki nan detansyon prevantif ak tout dokiman ki disparèt yo, li difisil pou kwè yo satisfè nòm sa a pou tout moun ki nan detansyon prevantif yo.

#### B. Sistèm Entè-Ameriken ak lòt nòm pètinan ki gen pou wè ak obligasyon yon leta genyen konsènan maladi kontajye ak pandemi

56. Sistèm Dwa Moun Entè-Ameriken ('IAHRS' an anglè) konn entèvni ase souvan nan ka ki gen pou wè ak pwoliferasyon maladi atrapan nan prizon. Nan plis pase yon douzèn okazyon n ap dekri pi ba epi nan Anèks 1, Komisyon an ak Tribinal la te bay mezi prekasyon ak mezi pwovizwa, respektivman, pou pwoteje moun y ap prive de libète yo – ansanm avèk kominote prizon ki pi laj la, ki gen ladan li gadyen, jeran, ak vizitè yo – akòz ris agrave pou yo pran maladi atrapan tankou kolera, tibèkiloz, VIH, ak, pi dènyeman, KOVID-19.

#### Kolera ak tibèkiloz nan Penitansye Nasyonal la

57. Nan pase a, IAHRS la te entèvni pou mande mezi prekasyon an favè jèn adolesan ki prizonye nan Penitansye Nasyonal la nan Pòtoprens [Anèks 1, Liy 1]. Nan mwa me 2017, Komisyon an te deklare dwa pou benefisyè yo viv epi pou yo mèt tèt yo te gen yon ris domaj ireparab k ap pandye sou yo akòz ankonbreman, move kondisyon detansyon, epi mank aksè ak swen sante. Kidonk, yo te bay lòt pou Ayiti adopte mezi ki ta anpeche kolera ak tibèkiloz (ki te deja kouran anndan prizon an) gaye pi plis.<sup>82</sup>
58. Depi Komisyon an bay lòd pou mezi sa yo, kondisyon lavi nan Penitansye Nasyonal la epi nan sistèm prizon an an jeneral ap degrenngole pi plis, malgre plizyè rapò ki soti ak apèl ki lanse pou yo refòme sistèm nan.<sup>83</sup> Etandone epidemi kolera aktyèl la ap

<sup>78</sup> Tribinal Entè-Ameriken pou Dwa Moun, ka Barreto Leiva v. Venezuela, jijman 17 novanm 2009, p. 24.

<sup>79</sup> Report on Measures Aimed at Reducing the Use of Pretrial Detention in the Americas, IACHR, p. 11.

<sup>80</sup> Report On The Use Of Pretrial Detention In The Americas, IACHR, p. 9.

<sup>81</sup> Tribinal Entè-Ameriken pou Dwa Moun, ka Tibi v. Ecuador, jijman 07 septanm 2004.

<sup>82</sup> Gade Resolution 13/2017, PM 125-17, anfavè "Penitenciaría Civil de Puerto Príncipe" (tradiksyon dirèk non orijinal prizon an an fransè: *Prison Civile de Port-au-Prince*) [Haiti].

<sup>83</sup> Gade Report of the Independent Expert on the situation of human rights in Haiti [Secretariat], OHCHR, [A/HRC/34/73](#), 8 mas 2017 [Ekspè pou mande pou gouvènman ayisyen an "fè kondisyon prizon yo pi imen, sitou nan redui ankonbreman nan prizon yo, bay sèvis sante ak lapwòpte kòm sadwa, asire gen manje pou prizonye yo, epi fè l posibil pou prizonye yo ka travay oswa etidye" [Press release - Urgent action needed to end 'inhumane conditions' facing Haiti prisoners: UN rights chief](#), OHCHR-BINUH, 30 jen 2021 ["Mankman vantilasyon, gwo

gaye vit nan tout sistèm prizon Ayiti a, fòk Komisyon an renouvle epi elaji mezi yo deja mande yo.

### Repons IACHR la anfas pandemi KOVID-19 la

59. Depi jiyè 2020, Komisyon an te satisfè demann pou mezi prekasyon nan kat ka pou pwoteje moun y ap prive de libète yo kont malè grav ak ijan k ap pandye sou yo pou yo pran KOVID-19 akòz move kondisyon lavi [Anèks 1, Liy 2-5]:

(i) Nan mwa jiyè 2020, yo te jije prizonye nan Northwest Detention Center ('NWDC') nan eta Wachintonn, Etazini te gen yon ris agrave akòz yo pa t gen mezi sifizan pou anpeche KOVID-19 gaye anndan sant lan.<sup>84</sup> Anplis li te fè sant lan respekte nòm entènasyonal sou sante ak lavi, Komisyon an te mande pou Etazini double "jefò pou li idantifye moun ki gen yon ris agrave pou yo libere yo selon sikònstans medikal yo, epi anpeche yo mete lòt moun ki gen ris konsa nan NWDC."<sup>85</sup>

(ii) Nan mwa oktòb 2020, yon moun ki pa t lib nan peyi Kolonbi, ki t ap souffri sklewòz lateral amyotwòfik (yon maladi ki paralize tout kò moun nan) te gen yon ris vrèman agrave pou li pran epi mouri nan KOVID-19, akòz maladi newolojik li ansanm avèk move kondisyon ak swen sante nan prizon an.<sup>86</sup> Komisyon an mande pou yo bay moun sa a yon altènatif olye yo kenbe l nan prizon.

(iii) Nan novanm 2020 ak avril 2021, Komisyon an te bay de (2) seri mezi prekasyon pou pwoteje prizonye politik ki te nan move kondisyon nan peyi Nikaragwa pandan pandemi KOVID-19 lan. Komisyon te mande pou yo fè yon evalyasyon tousuit pou idantifye yon mezi altènatif olye yo kenbe moun sa yo nan prizon.<sup>87</sup>

### Repons ak lòt maladi atrapan

60. Anvan pandemi KOVID-19 la, Komisyon an te deja tabli yon repons djanm ak konsistan anfas menas maladi atrapan nan prizon yo. Anplis mezi prekasyon Komisyon an te bay an favè adolesan ki te prizonye nan Penitansye Nasyonal nou te site pi wo nan paragaf 53, Komisyon an te soti sis (6) seri mezi prekasyon ant 2010 ak 2020 pou pwoteje moun y ap prive de libète yo kont ris agrave pou yo pran divès maladi atrapan, pami yo tibèkiloz, sifilis, ak lèp [Anèks 1, Liy 6-11].<sup>88</sup>

---

anlonbreman, mankman dlo, lapwòpte, ak swen sante pami pi gwo enkyetid ankèt Nasyonzi a te souliyen yo," ventilation,"; *gade tou* Rapò RNDH, novanm 2022, *supra* nòt 2 ["prizonye yo kontinye ap viv nan kondisyon inimen ki fè yo vilnerab ak maladi kontajye epi mete lavi ak lasante yo an danje."]

<sup>84</sup> *Gade* Rezolisyon 41/20, PM 265-20, anfavè Northwest Detention Center (NWDC) [USA].

<sup>85</sup> *Id.* see para. 38(a).

<sup>86</sup> *Gade* Rezolisyon 79/20, PM 349-20, anfavè Jorge Ernesto Zea López [Kolonbi].

<sup>87</sup> *Gade* Rezolisyon 82/20, PM 489-20, anfavè Maycol Antonio Arce ak 40 lòt moun yo prive de libète yo [Nikaragwa]; epi Rezolisyon 33/21, PM 205-21, anfavè Kevin Roberto Solís [Nikaragwa].

<sup>88</sup> *See* PM 114-10 [Rezolisyon enkon] yo te deside 29 avril 2010 anfavè moun yo prive de libète yo nan Depatman Polis Jidisyè (DPJ) nan Vila Velha [Brezil]; Rezolisyon 14/13, PM 8-13, anfavè moun yo prive de libète yo nan Prizon Santral Porto Alegre [Brezil]; Rezolisyon 39/2016, PM 208-16, anfavè Instituto Penal Plácido Sá Carvalho [Brezil]; Rezolisyon 40/19, PM 379-19, anfavè Penitenciária Evaristo de Moraes [Brezil]; Rezolisyon 6/20, PM 888-19, anfavè moun yo prive de libète yo nan Prizon Jorge Santana [Brezil]; epi Rezolisyon 15/20, PM 23-20, anfavè Sant Detansyon Prevantif nan Cabimas [Venezyela].

61. Anplis mezi nou site pi wo yo, gen de (2) lòt ka nan peyi Brezil kote, menm si desizyon Komisyon an te pran an favè prizon yo pa t di anyen sou maladi atrapan, mezi pwovizwa Tribinal Entè-Ameriken pou Dwa Moun (CIDH) la te soti aprè sa a adrese kesyon an. Yo te atire atansyon sou ris ijan ak grav prizonnye genyen pou yo pran tibèkiloz, varisèl, ak dyare [Anèks 1, Liy 12-13].<sup>89</sup>

## V. DEMANN POU MEZI PREKOSYON

62. Abi detansyon prevantif ak kondisyon abizif ak mòtèl nan prizon an pandan yon epidemi kolera poze yon doub danje pou dwa, lasante, ak lavi. Etandone tout sa, nou menm rekeran yo mande avèk respè pou Komisyon an gide gouvènman defakto Ayiti a mete mezi swivan yo sou pye:

- **Pwoteje lavi, lasante, ak dwa pou moun ka mèt tèt yo pou prizonnye nan Penitansye Nasyonal la ak nan lòt prizon**, selon Konvansyon kont tòti a, Pakt entènasyonal sou dwa sivil ak politik la, Konvansyon ameriken sou dwa moun, epi Konstitisyon ayisyen an. Sa egzije leta asire moun gen aksè ak manje, dlo, lapwòpte, ak swen sante sifizan.
- **Pran aksyon imedya pou redui kantite moun ki nan prizon nan Penitansye Nasyonal la ak nan lòt prizon**, sitou moun ki nan detansyon prevantif ak moun ki gen pi gwo ris kolera, selon nòm entènasyonal yo.
- **Respekte pwòp Konstitisyon pa l avèk lòt lwa ki reglemante pratik detansyon prevantif, ansanm avèk lòt akò entènasyonal li te siyen yo**. Yo defini pwoteksyon kont detansyon prevantif ilegal nan Konstitisyon ayisyen epi nan Kòd Penal Ayiti a. Fòk yo respekte dispozisyon sa yo epi si yo pa respekte yo, fòk yo rektifye sa.
- **Konsilte avèk òganizasyon dwa moun ki konn sitiyasyon an byen pou yo rektifye nivo detansyon prevantif ilegal ki vrèman eleve**. Òganizasyon konsa deja rekòmande taktik tankou odyans avèk epi san prezans yon jiri pou yo redui kantite moun ki nan detansyon prevantif vit vit.
- **Sispann mete moun peyi Etazini depòte yo nan prizon ilegalman**.
- **Amelyore kondisyon travay pou moun k ap travay nan Penitansye Nasyonal la ak nan lòt prizon**, ki gen ladan yo gadyen, moun ki travay nan kantin, doktè, ak lòt manm estaf prizon an.
- **Kolekte epi simaye done lejitim sou kolera**, pami yo done sou kolera nan prizon yo. Mezi sa a dwe sijere pou yo mete Komisyon an ajou regilyèman ak souvan sou done kolera. Done sa yo dwe gen ladan yo aksè ak tretman anndan prizon an epi aksè ak tretman nan kominote kote ansyen prizonnye yo ap tounen, Anplis, done yo dwe gen ladan yo done demografik pètinan sou ki jan y ap transmèt kolera anndan kominote

---

<sup>89</sup> *Gade* PM 199-11 [Rezolisyon enkonvi], yo te deside 4 August 2011 anfavè moun yo prive de libète yo nan at Prizon Anibal Bruno [alyas Complexo Penitenciário do Curado], epi mezi pwovizwa swivan yo te soti 7 oktòb 2015, 23 novanm 2016, ak 15 novanm 2017; epi Rezolisyon 11/13, PM 367-13, anfavè moun yo prive de libète yo nan Prizon Pedrinhas [Brezil].

yo, paske li pwobab sèten gwoup pral pi vilnerab pou yo pran kolera epi pou yo tonbe malad.

- Etandone desizyon Komisyon an pran nan pase ki ankouraje leta travay men nan men avèk benefisyè yo pou asire rezilta konvni yo, gouvènman defakto Ayiti a dwe **aji nan fason konstriktif pou òganizasyon imanità ayisyen** ki gentan demontre yo gen kapasite pou yo anpeche epi trete kolera epi kore lavi, lasante, ak diyite prizonye yo kapab kontinye fè travay yo, avèk finansman entènasyonal ak lòt sipò. Mezi sa a dwe gide gouvènman defakto a pou li anpeche vyolans ak kraponnay ki konn anpeche òganizasyon sa yo travay; respekte netralite òganizasyon imanità ayisyen yo; epi angaje l pou l pwoteje jounalis k ap fè repòtaj sou kolera ak kondisyon sante prizonye yo. Òganizasyon sa yo gen ladan yo, men pa sèlman, pati rekeran w ap jwenn nan lis pi wo a.
- **Respekte responsablite li genyen pou pwoteje kont maladi kontajye**, ki gen ladan l pou li bay enfrastrikti ki fasilite bon jan trètman ak aksè dlo, ranmase fatra, epi lòt mezi sanità.
- **Retabli lòd konstitisyonèl ak demokratik an Ayiti vit.** Pou fè sa, fòk li asire gen kondisyon pou bon jan eleksyon ki enklizif ak jis ki respekte Konstitisyon Ayiti a, epi ki mache dakò avèk dwa pèp ayisyen selon Akò Òganizasyon Eta Ameriken yo (OEA), Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun, Epi Akò Demokratik Entè-Ameriken. Kontèks sa a dwe gen ladan l tou jefò pou reziste kont enjerans etranje nan dwa pou pèp ayisyen granmoun tèt yo.<sup>90</sup>
- **Patisipe nan jefò pou lanse yon apèl pou Nasyonzini respekte pwomès li te fè pou bay finansman** pou ranfòse sistèm lapwòpte ak sante piblik an Ayiti, ansanm avèk dedomajman finansye pou viktim epidemi kolera 2010 la. Mezi sa a dwe ensiste pou yo itilize kòb sa a pou kore pwogram imanità nesèsè nan fason ki mache dakò avèk obligasyon ak valè sistèm dwa moun entè-ameriken an.

---

<sup>90</sup> Bureau des Avocats Internationaux, Komisyon Fanm Viktim pou Viktim, Institute for Justice & Democracy in Haiti, Center for Gender and Refugee Studies, CUNY School of Law, Human Rights and Gender Justice Clinic, MADRE. “Request for Precautionary Measures to IACHR Regarding the Situation of women and girl victims of sexual violence in Haiti.” oktòb 2022.